

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah Panalungtikan

Modél pangajaran mangrupa padoman pikeun guru jeung siswa dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar. Kemp, (1977) dina Rahman, (2009:7) nétélakeun yén modél pangajaran téh mangrupa hiji rarancang pangajaran (*desain instrucional*) nu dipaké dina nangtukeun maksud jeung tujuan tiap topik/poko bahasan (*goals topics, and purposes*), nganalisis karakteristik nu diajar (*leaner characteristic*), nyusun tujuan instruksional husus (*learning objectives*), milah-milah eusi pangajaran (*subject content*), ngalakukeun pretés (*preassesment*), ngalaksanakeun kagiatan diajar-ngajar/sumber pangajaran (*teaching learning activities/resources*), ngayakeun layanan (*support services*), ngalaksanakeun évaluasi (*evaluation*) jeung nyieun révisi (*revise*).

Loba pisan modél pangajaran anu bisa dipaké nalika ngajar. Salah sahijina nya éta modél *Debate*. Ieu modél penting pisan pikeun ngaronjatkeun kamampuh akademik siswa. Dina prosés pangajaranana, siswa dibéré kabebasan pikeun nepikeun sakur pamadeganana jeung materina dipilih sarta diruntuykeun jadi pakét pro jeung kontra. Lantaran kitu, ieu modél bisa mikaweruh kamampuh siswa dina nyarita tur ngababarikeun ka guru dina nalungtik basa anu dipaké ku siswa, naha dina nyarita téh luyu jeung undak usuk basana atawa henteu.

Nyarita mangrupa sarana anu dipaké pikeun nepikeun hiji maksud ti hiji pihak ka pihak lianna. Lantaran kitu, dina nyarita téh kudu bener tata-titina, undak-usuk basana, sangkan maksud caritaan anu ditepikeun téh bisa ditarima ku pangregep kalawan bener tur merenah.

Rahman, dina Raksarasa (2004:146) nétélakeun yén nyarita téh nya éta kagiatan nepikeun maksud (idé, pikiran, eusi haté) ti hiji jalma ka jalma séjén nu maké basa lisan sangkan éta maksud téh kahartieun ku nu ngaregepkeun.

Guntur Tarigan, (1990:15) nétélakeun yén nyarita téh mangrupa kamampuh ngucapkeun sora-sora artikulasi atawa kecap-kecap pikeun ngaéksprésikeun, nétélakeun sarta nepikeun pikiran, gagasan jeung perasaan. Sedengkeun dina Kamus Besar Bahasa Indonesia (Anton M. Moeliono, dkk., 1998:114) nétélakeun yén nyarita téh nya éta ngomong, *bercakap, berbahasa*, ngalahirkeun pamadegan kalayan kekecapan, tulisan jeung sajabana, atawa nyarita bisa disebut ogé “*berunding*”.

Hiji manusa miboga kamampuh nyarita anu bédha jeung manusa séjénna, kitu ogé jeung siswa anu keur diajar basa Sunda, dina nyarita miboga kamampuh anu bédha-bédha. Pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa bisa maké sababaraha cara, salah sahijina nya éta ngaliwatan sawala di kelas.

Sawala mangrupa salah sahiji kompeténsi dasar dina kamampuh nyarita hiji siswa, sakumaha ditétélakeun dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) basa Sunda. Tujuan tina sawala ieu téh sangkan siswa bisa ancrub langsung kana pangajaran sarta siswa bisa diajar ngedalkeun sakur pamadegan diri ngeunaan hiji hal anu dianggap perlu pikeun disawalakeun. Dina ieu sawala, patali pisan jeung salah sahiji aspék kaparigelan makéna basa nya éta nyarita. Sawala anu dilakukeun dina panalungtikan ieu nya éta debat.

Debat mangrupa salah sahiji métode sawala. Ieu debat bisa dilakukeun pikeun nambahán pangajaran nyarita. Wiyanto, (2003:4) dina link <http://ebookbrowse.com/pengertian-model-pembelajaran-debate-menurut-para-ahli-pdf-d354248061> nétélakeun yén debat téh nya éta kagiatan sawala antara dua urang atawa leuwih anu masing-masing silih pangaruhan sangkan narima usul-usulna. Malvin L. Silberman, (2006:140) dina link <http://adejuve.wordpress.com/?s=skripsi> nétélakeun yén aya sababaraha stratégi nu bisa dipaké pikeun ngaéféktifkeun debat di kelas nya éta debat aktif, diskusi panél, argument tandingan, jeung maca kalawan bedas. Éta stratégi bisa dipaké pikeun ngarangsang sikap kritis siswa.

Tujuan utama debat anu dilakukeun di kelas téh nya éta pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngedalkeun sakur pamadeganana sarta pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyaritana. Dina ieu debat, kamampuh siswa téh bener-

bener kaasah tur kudu mikir logis sarta kritis. Anggota debat dipaksa pikeun nyarita, ngajawab sakur argumén ti lawan.

Modél anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta modél *Debate*, lantaran ku makéna ieu modél bisa nalungtik kaayaan siswa dina nyarita nalika keur nyarita jeung lawan nyaritana. Kumaha undak-usuk basana, nahe geus bener atawa salah kénéh dina maké Undak Usuk Basa Sunda. Kasalahan-kasalahan anu dilakukeun ku siswa nalika manéhna nyarita disebut *interférensi*.

Nababan, (1984) nétélakeun wangenan *interférensi* dina link <http://pusatbahasaalazhar.wordpress.com/hakikat-hakiki-kemerdekaan/interferensi-dan-integrasi/> yén *interférensi* téh mangrupa kasalahan anu aya minangka akibat tina ka bawana kabiasaan-kabiasaan omongan basa indung atawa dialék kana basa kadua atawa dialék anu kadua. Sedengkeun Jendra, (1991:109) nétélakeun yén *interférensi* téh nyoko kana sababaraha aspék kabasaan, bisa tina tata sora (fonologi), tata bentukan kecap (morfologi), tata kalimah (sintaksis), kosakecap (leksikon), jeung tata ma'na (semantik) (Suwito,1985:55).

Chaer jeung Agustina, (1995: 168) nétélakeun yén *interférensi* téh nya éta kajadian salahna norma tina salah sahiji basa atawa leuwih. Sedengkeun Alwasilah, (1985:131) nengahkeun wangenan *interférensi* dumasar kana rumusan Hartman jeung Stork anu nétélakeun yén *interférensi* mangrupa kasalahan balukar ayan kabiasaan ngucapkeun hiji basa kana basa séjén dina ngucapkeun hiji sora, tata basa, jeung kosa kecap.

Dumasar kana wangenan *interférensi*, panalungtikan anu baris dilakukeun ieu téh cocok pisan jeung métode pangajaran *Debate* lantaran dina panalungtikan ieu kapanggih ayana *interférensi*, nya éta dina cara nganalisisna. Cara nganalisis dina ieu panalungtikan téh nya éta ku cara nalungtik kasalahan-kasalahan siswa nalika nyarita jeung lawan nyaritana, ngabandingkeun undak usuk basa tur pacampurna dua basa atawa leuwih anu keur dipaké, tina cara éta tangtu bakal kapanggih kahéngkérana, nahe siswa téh geus mampuh nyarita maké Undak Usuk Basa Sunda anu hadé atawa henteu.

Ceuk Sudaryat, (2009:294) undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa nalika komunikasi. Ieu sopan santun téh geus disaluyuan tur diajénan jadi hiji kahadéan ku warga masarakat pikeun silih hormat jeung silih ajénan dina waktu nyarita. Lolobana jalma nganggap yén siswa téh can bisa nyarita maké basa Sunda kalawan bener tur hadé. Tapi, sabernera mah hipotésis éta téh masih kénéh mangrupa sawangan hungkul, lantaran teu kabéh siswa miboga kamampuh nu sarua dina nyarita, aya nu miboga kamampuh leuwih dina nyarita nya éta bisa ngaruntuykeun kecap-kecap nalika nyarita kalayan hadé tur merenah jeung aya ogé nu teu bisa ngaruntuykeun kekecapanna, antukna kekecapan anu dipaké téh kurang cocog jeung undak usuk basana.

Nepika danget ayeuna can aya anu ngalakukeun panalungtikan nu medar ngeunaan modél *Debate* pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita. Ku alatan éta hal, ieu panalungtikan baris ngadéskripsiéun modél *Debate* pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita. Siswa anu jadi objék panalungtikanna nya éta siswa kelas VIII B SMPN 1 Cingambul-Majalengka.

## 1.2 Watesan jeung rumusan masalah

### 1.2.1 Watesan masalah

Masalah anu bakal dianalisis téh nya éta ngeunaan modél *Debate* pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita, tur pikeun mikaweruh kasalahan-kasalahan siswa nalika manéhna nyarita lantaran loba pisan siswa anu nyaritana teu saluyu jeung Undak Usuk Basa Sunda. Ku kituna, panalungtikan ieu leuwih museur kana cara nyarita siswa lantaran bisa kapanggih kumaha undak usuk basana. Sangkan panalungtikan ieu teu méngpar tina tujuanna, watesan masalah téh perlu pisan pikeun nangtukeun arah panalungtikan sarta leuwih museur kana tujuan-tujuan diayakeunna ieu panalungtikan.

Sangkan teu lega teuing ambahana, masalah dina ieu panalungtikan baris diwatesanan ku kamampuh nyarita siswa maké Undak Usuk Basa Sunda nu

dilaksanakeun di kelas VIII B SMPN 1 Cingambul-Majalengka. Baris dipedar ogé ngeunaan kasalahan-kasalahan siswa dina maké Undak Usuk Basa Sunda.

### 1.2.2 Rumusan masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa saacan maké modél *Debate*?
- 2) Kumaha pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa sanggeus maké modél *Debate*?
- 3) Naha modél *Debate* bisa ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa atawa henteu?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsiéun:

- 1) pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa saacan maké modél *Debate*;
- 2) pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa sanggeus maké modél *Debate*; jeung
- 3) modél *Debate* bisa ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa atawa henteu.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun nambahán téori pangajaran basa, hususna pikeun pangajaran nyarita.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Rahardiani Mu'minati Dewi, 2013

MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK BASA SUNDA DINA NYARITA (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul Majalengka Taun Ajar 2012/2013*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara praktis ieu panalungtikan téh dipiharep boga mangpaatna pikeun guru, pikeun siswa jeung pikeun sakola.

1) Mangpaat pikeun Guru

- Guru bisa apal kumaha pangaweruh siswa kana Undak Usuk Basa Sunda.
- Guru bisa apal kumaha kamampuh nyarita siswa.
- Guru bisa apal naha siswa maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita atawa henteu.

2) Mangpaat pikeun Murid

- Murid bisa diajar nyarita pikeun nepikeun sakur pamadegannana.
- Murid bisa apal kana Undak Usuk Basa Sunda.
- Murid bisa diajar maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita kalayan bener.

3) Mangpaat pikeun Sakola

Mangpaat ieu panalungtikan pikeun sakola nya éta pikeun ngaronjatkeun mutu sakola ku cara maké basa anu hadé undak usuk basana, boh antar siswa jeung siswa (ka sahandapeun, sapantaran, saluhureun), antar siswa jeung guru, boh antar siswa jeung perangkat sakola séjenna. Upama basa na hadé, tangtu mutu sakola ogé leuwih alus, lantaran basa mah nangtukeun pribadi hiji jalma.

## 1.5 Raraga Tulisan

Sistematika penulisan dina nyusun skripsi, diantarana:

- 1) BAB I: Bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.
- 2) BAB II: Tatapakan tiori medar ngeunaan modél *Debate* jeung nyarita maké Undak Usuk Basa Sunda, anggapan dasar, hipotésis, tur raraga mikir.
- 3) BAB III: Métode panalungtikan medar ngeunaan lokasi jeung subjék panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan

Rahardiani Mu'minati Dewi, 2013

MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK BASA SUNDA DINA NYARITA (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul Majalengka Taun Ajar 2012/2013*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

opérasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

- 4) BAB IV: Ngadéskripsikeun data jeung analisis data hasil panalungtikan.
- 5) BAB V: Kacindekan jeung rékoméndasi.



Rahardiani Mu'minati Dewi, 2013

MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK  
BASA SUNDA DINA NYARITA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul  
Majalengka Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)